



IMMIGRANT LEGAL ADVOCACY PROJECT

Anrejistreman avèk ICE

Anrejistreman ak Immigration and Customs Enforcement (ICE) nan biwo Scarborough lan ka fèt pa imèl oswa nan telefòn.

1. Imèl ICE-ERO-POM-Reporting@ice.dhs.gov – (de preferans)

Tout imèl yo dwe ekri an Anglè. Biwo a dwe reponn ou sou 5 jou ouvrab avèk konfimasyon epi nouvo egzijans deklarasyon yo. Imèl ou a dwe genyen:

- Tout non legal ou
- Yon nimewo A
- Dat ou fèt
- drès kote w ap viv kounya, epi
- Nimewo telefòn aktyèl ou ak pou nenpòt timoun piti kap viv avèk ou ki merite anrejistre tou.

Tout adilt (18 an oswa plis) ta dwe anrejistre pa imel separeman. Sepandan ou ka mete enfòmasyon ki anwo yo nan imèl ou pou nenpòt timoun minè (ki poko gen 18 an) k ap viv avèk ou ki oblije anrejistre nan ICE.

OU

2. Rele 207-396-5000- Imigrasyon pa gen entèprèt. Si sa nesesè, rele ak yon moun ki ka entèprete pou ou

Tanpri sonje : Ou ka oblije ale nan biwo ICE an pèsòn, men nou rekòmande ou rele oswa imèl an premye. Si w gen yon randevou an pèsòn, adrès ICE se 40 Manson Libby Road, Suite 101, Scarborough, ME 04074.